# BERDAQ RUWXÍY MIYRASÍNIŃ ShAXS TÁRBIYASÍNDAǴÍ ORNÍ

**S.K.Ernazarova** – *filosofiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# РОЛЬ ДУХОВНОГО НАСЛЕДИЯ БЕРДАКА В ВОСПИТАНИИ ЛИЧНОСТИ

**К.Ерназарова** – *доктор философии философских наук*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE ROLE OF BERDAQ'S SPIRITUAL HERITAGE IN PERSONAL EDUCATION

**S.K.Ernazarova** – *doctor of Philosophy in Philosophy*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** Berdaq, ma’naviy meros, ijtimoiy-falsafiy qarash, g‘oya, shaxs tarbiyasi, komil inson.

**Rezyume.** Maqolada XIX asrda yashagan qoraqalpoq mumtoz adabiyotining mashhur vakili, buyuk shoir va mutafakkir, tarixchi va baxshi Berdaq G‘arg‘aboy o‘g‘lining ma’naviy merosining shaxs tarbiyasidagi o‘rni tahlil qilindi. Berdaq falsafiy-axloqiy-pedagogik, adabiy-didaktik yo‘nalishda mashhur asarlar yaratgan. Maqolada shoirning asarlarida ilgari surgan g‘oyalari, ijtimoiy-falsafiy qarashlari o‘rganilib, uning bugungi davr shaxs tarbiyasidagi o‘rni naqadar muhimligi ochib berildi.

**Ключевые слова:** Бердах, духовное наследие, социально-философские взгляды, идея, воспитание личности, совершенный человек.

**Резюме.** В статье анализируется роль духовного наследия Бердаха Гаргабай оглы, известного представителя каракалпакской классической литературы XIX века, великого поэта и мыслителя, историка и бахши, в воспитании личности. Бердах создал известные произведения в философско-нравственно-педагогическом, литературно-дидактическом направлении. В статье были изучены идеи и социально-философские взгляды поэта, выдвинутые в его произведениях, и раскрыта его важная роль в воспитании личности сегодняшнего дня.

**Key words:** Berdakh, spiritual heritage, socio-philosophical views, idea, upbringing of the individual, mature individual.

**Summary.** The article analyzes the role of the spiritual heritage of the famous representative of Karakalpak classical literature of the 19th century, the great poet and thinker, historian and bakhshi Berdakh Gargabay uly, in the upbringing of the individual. Berdakh created famous works in the philosophical-moral-pedagogical, literary-didactic direction. The article examines the ideas and socio-philosophical views put forward by the poet in his works, revealing the importance of his role in the upbringing of the individual of today.

**Kirisiw.** Rawajlanıw hám ruwxıylıq bir-birin talap etetuǵın dialektikalıq óz ara baylanısta. Biraq házirgi globallasıw dáwiri ruwxıylıǵı qarama-qarsı geosiyasiy ortalıqta rawajlanbaqta. Jámiyette júz berip atırgan procesler, kórkem óner hám mádeniyattıń rawajlanıwı, sociallıq rawajlanıwdıń barlıq bagdarları, demokratiyalasıw, puqaralıq institutlarınıń rawajlanıwı jámiyet agzalarınıń ruwxıy-mádeniy dárejesine, ruwxıy tárbiyasına, jámiyettegi ruwxıy ortalıqqa baylanıslı.

Ullı babalarımızdıń bay ruwxıy miyrasında ruwxıy jetiklik normalarınıń jámiyetlik turmıstaǵı ornı, kámil insan haqqındaǵı kózqaraslarınıń ádep-ikramlılıq analizi hám sociallıq-filosofiyalıq máseleleri boyınsha ámelge asırılǵan ilimiy izertlewler konstruktivlik áhmiyetke iye bolıp qalmaqta.

Mámleketimizde ullı oyshıllardıń, sonıń ishinde, jetik mánawiyat iyesi bolǵan Berdaqtıń kórkem-ruwxıy miyrasın ilimiy jaqtan izertlew arqalı erkin shaxstı tárbiyalawǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta. «Ullı jazıwshı hám oyshıllarımızdıń biybaha miyrası, ibratlı ómiri hám jámiyetlik jumısın hár tárepleme tereń úyreniw hám úgit-násiyatlaw, jaslarımızdı ózligin ańlaw, milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa húrmet ruwxında tárbiyalaw zárúr». Bul bolsa, jámiyettiń rawajlanıwı hám jaslardıń ruwxıy dúnyaqarasın joqarılatıwda Berdaq tárepinen alǵa qoyılǵan aldıńǵı filosofiyalıq ideyalardıń ádep-ikramlılıq áhmiyetin filosofiyalıq izertlew hám onıń konceptual tiykarların ósip kiyatırǵan jas áwlad sanasına sińdiriw máselesi áhmiyetli ekenligin dáwirdiń ózi kórsetpekte [1].

**Izertlew metodologiyası.** Maqalada XIX ásirde jasaǵan ullı oyshıl hám shayır Berdaq Ǵarǵabay ulınıń shaxs tárbiyasına baylanıslı kózqarasları tariyxıylıq hám logikalıq, ulıwmalıq, jekelik, salıstırmalı tallaw metodları tiykarında juwmaqlar shıǵarıldı.

**Ádebiyatlar analizi.** Ózbekstan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti Islam Karimov: «...elimizde jasap ótken ullı alımlarımız, oyshıl babalarımızdıń úlgili ilimiy-dóretiwshilik oylap tabıwları búgin de dúnya xalqın tań qaldırıp atırǵanın maqtanısh penen atap ótiw kerek», – dep jazǵan edi [2:41].

Ullı danıshpan shayır Berdaq óziniń «Izler edim» qosıǵında ilim hám ádep-ikramlılıqtıń áhmiyeti haqqında pikir júrgizedi. Bul eki pazıylet jaslardı danıshpan hám joqarı dárejedegi shaxsqa aylandıratuǵının atap ótedi, kámillikke jeteklewshi faktor sıpatında kóredi. Óytkeni, kámillik, ádep-ikramlılıq, jetiklik haqıyqıy insanlarǵa tán qásiyet ekenligin kórsetip, «Jaqsı adam biyádeplik is qılmas» dep aqıl, bilimge súyenip, onı haqıyqatlıqqa, ádillikke alıp baratuǵının aytadı.

Berdaq insan aqılı, oy-pikiriniń ilim-pán menen tıǵız baylanıslılıǵı haqqında da pikir júrgizedi. Eger aqıl mazmun hám maqset bolsa, ilim forma, qural bolıp xızmet etedi. Aqıl ilimdi haqıyqatlıq jolına baslaydı, biraq óz náwbetinde aqıl ilimsiz óz jılwasın joǵaltadı. Aqıl insandı tuwrı jolǵa baslaydı, jaqsı pazıyletlerdi iyelewge, haqıyqatlıqtı, ilim sırların biliwge járdem beredi.

S.P.Tolstovtıń atap ótkenindey, Berdaq «Qaraqalpaqlardıń birinshi tariyxshısı. Haqıyqatında da, Berdaq Orta Aziyadaǵı júdá ullı shayırlarınıń biri» [3:8].

Berdaq óz xalqınıń «Shejire»sin, tariyxın dóretiw ushın birinshi qádem taslaǵan danıshpan. Sonıń menen birge shayır siyasiy-jámiyetlik, tárbiyalıq áhmiyeti joqarı bolǵan: «Xalıq ushın», «Jaqsıraq», «Zamanda», «Izler edim» hám basqa da usı sıyaqlı keń kólemli shıǵarmalardı dóretken ullı filosof shayır.

Oyshıldıń shıǵarmalarına názer taslasaq, ol óziniń sociallıq-filosofiyalıq kózqarasların násiyat-didaktikalıq tárizde, xalıqqa ápiwayı, túsinikli tilde jetkergenligine gúwa bolamız. Bunnan gózlengen maqset, tiykarınan ápiwayı xalıqtı durıs jolǵa baslaw, aǵartıwshılıqtı arttırıw, xalıqtı bilim alıwǵa shaqırıw edi.

Berdaq – qaraqalpaq ádebiyatın, filosofiyasın joqarı dárejede rawajlandırǵan oyshıllardıń biri. Ol óz betinshe júdá kóp izlengeni, ilimdi, aǵartıwshılıqtı iyelew jolında ter tógip miynet etkenin, áyyemgi grek filosofları Platon, Aristotel táliymatlarınan da xabardar bolǵanın esleydi.

Ótken Árastu, Áplatun,
Jaratıp ilimniń kántin,
Sheshiw ushın pikir bántin,
Men maǵrifet izler edim [4:41].

Berdaq shaxstıń aǵartıwshılıq tárbiyası haqqındaǵı kózqaraslarında itibarlı tárepi sonda, ol bul shınıǵıw shaxstıń júdá jaslıǵınan baslanıwı kerek, shaxs hár bir qádemin oylap basıw kónlikpesine iye bolıwı kerek dep uqtıradı.

Berdaq hár qanday jaǵdayda jaslar ilim iyelewi zárúrligin hám bunıń adamzat ushın paydası kóp ekenligin «Men aǵartıwshılıq izler edim» degen qatarlarında kóremiz. Sebebi, ol óz átirapındaǵı barlıqtı biliwge tek ǵana insan áwladı ǵana uqıplı ekenligin atap ótedi.

Berdaqtıń kózqaraslarında insannıń ózligin biliwi barlıq máselelerden ústin turadı. Ol insan ózin bilse, Haqtı biledi, insapqa keledi, degen ideyanı alǵa súredi hám súren etip alǵan. Shayır «Bársheni jaratqan qádir qudayım, berseń bul bendege, haqlıq jolın ber» deydi. Hár bir adam jawızlıqtan qutılıwı kerek, tek mal-dúnya táshwishi menen jasamay, haq hám haqıyqatlıqtı ańlap alıwǵa háreket etiwi kerek, degen ideyaların ózinde sáwlelendiredi [2:21].

Shaxs tárbiyasında shańaraq tiykarǵı orındı iyeleydi. Shın mánisinde óz ata-anasın húrmet etpeytuǵın, olardıń aldındaǵı parız benen qarızın umıtqan perzent iymansız. Ata-anasın húrmet etpegen bala basqanı da húrmet etpeydi. Onıń «Balam» atlı qosıǵında tómendegishe súwretlenedi:

«Ata-anańdı qádirle,
Ólgeninshe jaqsı sóyle,
Mal tapsań torqaǵa bóle,
Óserińe jaqsı balam» [3:29].

Ata-anaǵa boysınıw menen birge olarǵa shın kewilden iseniw hám olar menen sırlas bolıw kerek. Sebebi ata-ana kópti kórgen, aqıl hám tájiriybege iye, jaqsı hám jamandı kórgen adamlar. Sonıń ushın ata-ana perzentine durıs jol kórsetip, násiyatlar beriwi, perzentler bolsa oǵan ámel etiwi kerek ekenligin shayır «Atańnan pándi násiyat, hámmeden de usı zıyat», dep úlkenlerden ibrat alıwdı aytıp ótedi.

Berdaq shaxs tárbiyası haqqındaǵı kózqaraslarında «shaxs hám jámiyet bir-birine juwapker» degen shaqırıq jatadı. Bul másele házirgi dáwir ushın da óz áhmiyetin joǵaltpaǵan kózqaras bolıp esaplanadı. Ol adamlardı xalıq arasında jaqsılıq tuqımın shashıwǵa, jamanlıqtıń tamırların qurıtıwǵa shaqıradı. «Jaman adam bilmes gápiniń parqın, Bárqulla jamanlar aǵayin-xalqın», dep tastıyıqlaydı. Sonıń menen birge shayır jaslardı ózine paydasız, pasıq sózden jıraq bolıwın uqtırıp, «Jaqsı adam sóz mánisin ańlaydı, jaman adam pasıq sózdi tıńlaydı», dep jámiyettiń rawajlanıwın támiyinlewde onda jasap atırǵan puqaralardıń durıs hám pák ómir súriwi ushın bárinen burın biypárwalıqtan waz keshiw, hár bir watansúyiwshi puqaranıń jámiyet aldındaǵı minneti ekenligi uqtıradı.

Búgingi kúnde xalqımız, ásirese, jas áwlad elimizden jetisip shıqqan ullı ata-babalarımızdıń miyrasın tereń biliwi – bul eń áhmiyetli hám zárúr qádiriyat, jańa jámiyetti qurıwdıń áhmiyetli shárti bolıp esaplanadı. Biziń ullı ata-babalarımız jaratqan hám bizge shekem jetip kelgen ruwxıy miyras - bul, bárinen burın, eń joqarı, potencialǵa iye qádiriyat. Usı mániste, «milliy miyras – ata-babalardan qalǵan materiallıq hám ruwxıy qádiriyat», degen pikirge qosılıw maqsetke muwapıq [5:31].

**Analiz hám nátiyjeler.** Demek, joqarıda keltirilgen mısallardan kelip shıǵıp pikir júrgizetuǵın bolsaq Berdaq ilimniń túrli tarawların jámiyettiń rawajlanıwına alıp keletuǵın kúsh dep bilip, onı iyelewge shaqıradı. Ol ilim hám aǵartıwshılıq járdemi menen óz dáwiriniń ádep-ikramlıq ortalıǵın salamatlandırıw múmkinligine isenedi. Berdaq jaslardı qarańǵılıqtan jaqtılıqqa alıp shıǵatuǵın kúsh – bul ilim ekenligin túsindiredi.

Berdaq insan ádep-ikramlılıq jaqtan tuwrı pikirli bolıp tárbiyalansa, zulımlıq, nahaqlıq etpeydi, adam aǵartıwshılıq hám bilimge qanshelli umtılsa, jámiyet turmısınıń mánawiyatı sonshelli kórkem bolatuǵının atap ótedi. Sonıń ushın da Berdaq «Aqılı kámil, ilimi zor, Bilimli el bolmaydı qor», dep kámillikti árman etken adamdı qádirlegen, oǵan qarsılıq etken hár qanday adam hám tosqınlıqlardı qaralaǵan.

Shayır óz shıǵarmalarında jaslardıń bul dúnyada hadal miynet etiwi kerekligin, bul jolda kúsh-ǵayratın jumsawı, bir jumıstı orınlawda arqayınlıqqa berilmew, belsendilik kórsetiwdi atap ótedi. Shayır ómirde ózgelerdiń sadaqasına emes, óziniń hadal miyneti tiykarında jasaw, basqalarǵa baǵınbay, óziniń erkinligin támiyinlewge umtılıw – kishipeyil insannıń áhmiyetli qásiyetleriniń biri dep qaraydı. Berdaq shıǵarmalarında eń áhmiyetlisi ádep-ikramlılıqtı táriyplewde, ádepsizliktiń unamsız tárеplerin ashıp beriwge qaratılǵan. Berdaq pikirinshe, hár bir shaxstıń elge xızmet etiwin, «Er bolsań, elińdi baqla, eldiń bergen duzın aqla» dep, bul jolda menmenlikke berilmey, watanǵa xızmet etiwdiń zárúrligin aytadı.

Berdaqtıń ilim hám kásip-óner iyelew, hadal miynet etip, jámiyetke payda keltiriw haqqındaǵı pikirleri ibratlı bolıp, házirgi kúnlerde de óziniń áhmiyetin joǵaltpaǵan. Bul pikirler jámiyetimizde jedel reformalar bolıp atırǵan bir dáwirde ósip kiyatırǵan jas áwladtı erkin shaxs, bárkamal etip tárbiyalawda, túrli kásip iyeleriniń óz jumısına isenimli hám hadal qatnas jasawında, óz kásibine insap, diyanat, ádillik boyınsha kózqaraslarında paydası tiyiwi sózsiz.

Berdaqtıń dúnya qarasınan jámiyetti abadan etiw ushın adamlardı jaqsılıqqa, jaqsı minez-qulıq tiykarında tárbiyalaw kerek degen aǵartıwshılıq pikirler keń orın alǵan. Bul túsinikten kelip shiǵatuǵın juwmaq sonnan ibarat, adamdı tárbiyalaw ushın insanǵa tán barlıq qásiyetlerdi, olardaǵı ruwxıy processlerdi biliw kerek. Sonıń ushın tárbiyanıń obiyekti bolǵan adamnıń ruwxıy processleri haqqındaǵı pikirleri úlken áhmiyetke iye.

**Juwmaq hám usınıslar.** Juwmaqlap aytqanda, ullı oyshıl, Berdaq óziniń shıǵarmalarında sociallıq-filosofiyalıq kózqarasları hám ideyaları arqalı pútkil

insaniyattı tuwırı jolǵa kámillikke shaqırdı. Berdaq ruwxıy miyrasınıń bas ideyası isenimi bekkem kámil insan tárbiyası bolıp, onı ámelge asırıw tiykarınan, kámil insan tárbiyasın ulıwma jámiyet wazıypası etip belgilew edi. Oyshıl shayır bul ideyanı úgit-násiyatlaw arqalı ózi jasaǵan dáwirde jámiyettiń rawajlanıwına qáwip salıp turǵan hár qıylı buzǵınshı ideyalardı puqaralardıń sanasınan shıǵarıp taslamaqshı bolǵan. Bunı ámelge asırıwdıń eń nátiyjeli usılı bolsa hár bir shaxstı hár tárepleme kámil etip tárbiyalawda, dep bildi.

Oyshıldıń bay ruwxıy miyrası pútkil insaniyattı kamalǵa jetkeredi hám hár qanday jámiyettiń rawajlanıwında shaxstıń bilimi hám tárbiyası áhmiyetli faktor ekenligin dáliylleydi. Onıń bizge qaldırǵan bay ádebiy hám ruwxıy miyrası barlıq zaman hám dáwirler ushın birdey áhmiyetli hám bahalı qollanba bolıp esaplanadı.

**Ádebiyatlar**

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2018-yil 12-maydagi «Buyuk allomalar, adib va mutafakkirlarimiz ijodiy merosini keng o‘rganish va targ‘ib qilish maqsadida yoshlar o‘rtasida kitobxonlik tanlovlarini tashkil etish to‘g‘risida»gi PQ-3721-son Qarori.

2. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. – Тошкент: «Маънавият», 2008.

3. Толстов С.П. Великая победа Ленинско-Сталинской национальной политики. / №1. «Советская этнография», 1950. – С. 8.

4. Бердақ. Сайланды шығармалары. (Қайта басылым). – Нөкис: «Билим», 2019.

5. Ҳосил Усмон (Қорабоев). Одатнома. К.1. – Тошкент: «O‘zbekiston» НМИУ, 2016.